



Lekòl City on a Hill

**Sa Kap Swiv la se Manyèl de Baz Elèv ak
Fanmi ki kouvri Règ Debaz ak Règleman Lekòl
City on a Hill**

*Paran ak Reskonsab yo Dwe Refere yo Tou Nan Livrè Espesifik
anplis de Livrè Jeneral sa*



Lekòl City on a Hill

Tab Matyè

MISYON NOU	4
VIZYON NOU	4
Vi Elèv nan City on a Hill	5
Orè chak Jou.....	5
Jou Nèj/Anilasyon Lekòl.....	5
Vizitè.....	7
PARE POU LEKÒL	8
Genyen tout Materyèl.....	Error! Bookmark not defined.
Vin Prepare Lekòl	Error! Bookmark not defined.
Genyen Devwa Fin Fèt.....	8
Metè Inifòm.....	8
Abiman Pwofesyonèl	9
Règleman sou Chapo.....	10
Règleman sou Selilè:.....	10
Merit ak Demerit	10
Klèb Devwa.....	10
Ranvwa Otomatik nan Biwo Dwayen.....	10
Definisyon Konsekans	11
Pwosesis Disiplin	14
Idantifikasyon: Di Non Ou.....	14
Dejene	14
Kopye sou moun	14
Teknoloji Aprwopriye ak Itilizasyon Entènèt.....	14
Itilizasyon Tefefòn	15
Ekzèsis an ka Dife.....	15
SITWAYÈNTE	Error! Bookmark not defined.
Konsèy Elèv	Error! Bookmark not defined.
Reyinyon Konsèy Minisipal.....	Error! Bookmark not defined.
Aktivite Andeyò Lekòl ak Espò.....	Error! Bookmark not defined.
AKADEMK	16
Pwogram Akademik.....	16
Kredi ak Mwayèn.....	17
Konpetans.....	18
Jiri.....	18
Pwomnad.....	20
Konseye.....	20
Bibliyotèk ak Resous Teknoloji	20
Liv	21

Fòm Ekzijib.....	21
Komite ak Patisipasyon.....	22
Kominike ak Lidèchip City on a Hill.....	Error! Bookmark not defined.
Fòm Otorizasyon.....	22
Règleman Medikal.....	22

MISYON NOU

City on a Hill gradye sitwayen demokrat reskonsab, debrouya ak repektye ki byen prepare pou inivèsite ansanm ak pou avanse kominote a, kilti, ak komès, epi rivalize nan 21èm syèk la. Pou rive ak rezilta sa nou mete aksan sou:

- **Akonplisman Akademik.** Siksè akademik vle di ke nou fè efò pou kenbe yon nivo akademik ki wo ak asire rezilta. Sa vle di nou rekonèt konpetisyon elèv nou yo epi chèche lòt resous pou prepare elèv nou yo fè konpetisyon.
- **Sitwayènte.** Sitwayènte vle di nou fè efò pou kenbe yon nivo sivilite, ankouraje angajman sivik ak patisipasyon elèv nou yo, epi relye lekòl nou an ak sak pi bon nan Boston.
- **Lidèchip Pwofesè.** Lidèchip Pwofesè vle di ke pwofesè yo pran responsablite pèfòmans elèv yo ak lekòl nou an. Sa vle di pwofesè yo kontribye nan pran desizyon, bati, ak devlope City on a Hill. Sa vle di pwofesè yo pratikan ak administratè reflechi. Sa vle di ke pwofesè yo kontribye nan refòm lekòl piblik iben nan vil nou an, eta a ak nasyon an.
- **Responsablite Piblik.** Responsablite Piblik vle di ke kontribiyab yo attann akse City on a Hill demontre rezilta epi envite piblik la pou asire ke nou respekte pwomès nou pou edike elèv nou yo, epi angaje paran yo ak reskonsab elèv yo kòm moun kle ki gen enterè.

VIZYON NOU

City on a Hill prepare elèv yo pou egzèse dwa ak responsablite yo kòm sitwayen Ameriken. Nou ankouraje nan jèn Boston yo yon kiryozi pou aprann lavi diran, abitud pou travay di ak yon angajman nan sèvis piblik. City on a Hill mete aksan sou responsablite sitwayen edike pou poze kesyon, aji, epi evite konplezans.

Pou ankouraje kiryozi nan elèv nou yo, nou mete aksesib pou yo panse imen ki pibon ak jefò. Nou anseye tradisyon yo ak dokiman enpòtan demokrasi nou an, epi nou ankouraje elèv yo avanse epi bati sou tradisyon sa yo. Nou eseye asire ke konklizyon pwòp nou yo pa janm pwen depa elèv yo, men pito, ke konpetans ak kesyon yo rafine demanyè aske yo ka ale pi devan epi imajine, mande, sezi, ak kontribye nan fason nou poko ka konnen.

Nou fè efò pou klas nou yo, estrateji evalyasyon nou yo, ak eksperyans nou ofri elèv yo ka osi otantik ke posib - prepare yo pou kontre defi ak estanda mond reyèl la. Pou fè aprantisaj la otantik pou elèv nou yo, lekòl nou an dwe yon òganizasyon aprantisaj ki genyen mekanism pou pran epi sèvi ak fidbak. Nou aprann nan reyisit ak echèk nou yo. Nou kenbe yon anviwònman aprantisaj entim ak klas ki genyen an moyèn dizwit elèv. Pwosesis etabli ak bati City on a Hill se pa yon distraksyon nan edikasyon City on a Hill; li fè pati entegral li.

Se responsablite paran/reskonsab, pwofesè, ak kominote a pou travay ansanm pou nourri potansyèl chak elèv. Elèv yo se patnè aktif nan aprantisaj yo epi se yo finalman ki responsab pou edikasyon pèsònèl yo. Nan City on a Hill, nou chèche konekte ansèyman nou an ak eksperyans elèv yo, epi anseye yo ak yon pwofesè ki reprezante orijin yo. Nan lide pou ranpli misyon sivik nou an, nou kwè ekip pwofesè nou yo dwe reflekte divèsite Boston.

Travay di se yon bagay ki enpòtan pou tout manm kominote City on a Hill la. Sa vle di ke nou anseye elèv yo pou valorize efò tankou yon eleman esansyèl, men ki pa sèl pati ekselans, epi genyen estanda ke nou tout dwe respekte. Travay di vle di tou ke elèv yo merite eksperyans pou reyalize bagay yo te panse yo pa te kapab fè. Pi enpòtan, li vle di ke elèv City on a Hill resevwa diplòm yo pou sa yo konnen ak kapab fè, epi yo byen prepare pou reyisi nan inivèsite ak nan mache travay la. Pou pwofesè yo, travay di vle di ke nou pratike sa nou mande elèv yo. Nan tout travay difisil sa, nou sonje pou nou rete ak kè kontan.

Pou ankouraje sèvis piblik, nou fè vil Boston an tounen pwolonjman sal klas yo. Enstitisyon li yo, katye, ak sitwayen yo se resous aksesib enpòtan pou elèv yo. Elèv nou yo aprann apresye tout vil la. City on a Hill gradye sitwayen ki pral vote.

Kòm yon lekòl charter piblik, City on a Hill pa inyore kriz nan edikasyon piblik la. Nou distribye sa nou aprann, epi nou ouvè a obsèvatè. Nou chèche balanse devwa nou anvè elèv nou yo ak angajman nou pou soutni chanjman sistemik nan edikasyon piblik.

Lavi Elèv nan City on a Hill

Orè Chak Jou

City on a Hill swiv kalandriye tradisyonèl Massachusetts pou lekòl soti mwa Septanm rive Jen ak lòt pwogram nan mwa Out ak Jiyè.

Anjeneral City on a Hill gen klas depi 8am jiska 4:30 pm ak mwatye jounen yon fwa pa semèn. Chak bilding City on a Hill fè orè lekòl yo.

TRAVAY, RANDEVOU, AK LÒT AKTIVITE: Fanmi yo pa dwe planifye aktivite, randevou, oswa travay elèv anvan 4:30 pm Lendi-Jedi oswa 3:00 pm nan Vandredi.

Jou Nèj/ Anilasyon Lekòl

City on a Hill swiv Lekòl Piblik Boston yo nan sa ki gen rapò ak jou nèj yo. Lè Lekòl Piblik Boston yo fèman pou nèj oswa nan ka ijans, City on a Hill fèmen. Siveye anons sou televizyon ak radyo.

Prezans

Yo fè apèl chak jou epi pandan chak peryòd klas la. Elèv yo dwe rive lekòl kenx minit anvan premye klas yo. Elèv yo dwe antre nan antre prensipal la. Yon elèv ki absan dwe pote

verifikasyon ekri paran l oubyen moun ki reskonsab li a epi remèt nòt sa nan refektwa a jou li retounen lekòl la. Si yo pa resevwa nòt verifikasyon an yo make absans la "non eskize" epi sa ka lakòz sispanasyon. Yo enfòmè paran yo regilyèman de absans pitit yo a travè apèl telefòn pèsònèl oswa otomatik. **Tanpri sonje ke menm si yon paran voye yon nòt eskiz, absans la pa otomatikman yon absan "eskize", li tou senpleman vle di ke elèv la pa sote lekòl epi yo pap voyel nan biwo dwayen yo.**

Elèv absan pa kapab patisipe nan evenman lekòl yo san aranjman a lavans.

Absans ki eskize yo ra anpil epi se sèlman nan sikonstans sa yo ke yo konsidere yon absans eskize:

1. Ijans Medikal - (elèv la lopital oubyen yo kenbe l nan kay sou lòd doktè – yon nòt doktè obligatwa)
2. Lanmò nan fanmi pre (verifikasyon a lekri yon paran obligatwa)
3. Fèt Relijye (verifikasyon ekri yon paran obligatwa)
4. Aparans nan Tribinal ke yon jij òdone (Nòt yon ofisyèl tribinal la obligatwa)
5. Aktivite ki gen rapò ak lekòl ki apwouve (sa vle di entèvyou pou inivèsite ke lekòl la apwouve, entèvyou bous detid ke lekòl apwouve)

Yon nòt pou yon randevou kay (doktè, tribinal, etc.) pa eskize yon elèv pou tout yon jounen. Lekòl la atann aske elèv la vini lekòl anvan/apre nenpòt randevou eskize ke yo pa te kapab pwograme andeyò lè lekòl la. Nou dwe fè tout efò nou pou pwograme tout randevou yo andeyò lè lekòl yo.

Yo konsidere ke elèv ki nan lekòl la men ki manke yon klas san pèmisyon ap koupe klas e yap voye elèv sa yo nan biwo Dwayen Sitwayènte ya. Elèv ki sote kenpòt peryòd klas, tankou Gwoup Devwa oubyen detansyon ap ale nan biwo Dwayen Sitwayènte a.

Yo pèmèt 10 absans san motif pou ane a. Si yon elèv depase 10 absans san motif pou ane lekòl la, elèv sa pap kalifye pou lekòl ete epi ap pèdi kredi akademik pou tout senk klas yo.

Direktè lekòl la ap revize tout ka prezans yo nan fen ane lekòl la pou akòde kredi akademik. Elèv yo ka fè apèl kont desizyon sa a lekri nan fen ane lekòl la. Direktè lekòl la ap revize tout pwopozisyon ekri, epi li ka pèmèt elèv yo patisipe nan lekòl ete oswa rejwen kredi akademik. Si elèv la pa rejwen kredi akademik yo epi li pa kalifye pou lekòl ete, elèv la dwe repete tout senk klas yo pandan ane lekòl kap vini an.

Règleman sou Retrè

City on a Hill rele fanmi yo sou premye jou absans epi chak jou apre. Si yon elèv **manke lekòl 8 jou yonn apre lòt** pandan ane lekòl la, epi lekòl la pa ka rive antre an kontak ak fanmi an pou eksplike absans elèv la, etap sa yo pral rive:

1. Lekòl la ap kontinye eseye rantre an kontak ak fanmi nan tout nimewo telefòn ki nan dosye a.
2. Sou **nevyèm jou absans san motif la**, lekòl la ap poste yon lèt nan adrès ki nan dosye a pou avize paran /reskonsab ke elèv la absan lekòl san pèmisyon. Lèt la ap mande pou fanmi an rele lekòl la pou eksplike absans yo nan senk jou a pati dat ki nan lèt la, epi yap pwopoze dat ak lè pou fanmi an rankontre ak reprezantan lekòl la pou diskite de absans elèv la.
3. Si absans san motif la kontinye, sou **13èm jou absans san motif la**, yap voye yon dezyèm lèt pou avèti ke elèv laa riske pèdi plas li nan City on a Hill.
4. City on a Hill ap kontinye eseye rantre an kontak ak paran/reskonsab yo a travè tout mwayen

ke lekòl la genyen si kontak pokò rive fèt.

5. Si yon elèv pa retounen lekòl oswa resevwa yon eskiz kalifye, yap mete l deyò City on a Hill epi elèv la ***pap enskri ankò sou 16èm jou absans la.***

6. Fanmi ki ap travay aktivman ak City on a Hill pou rezoud pwoblèm prezans elèv la ka benefisye yon pwolonjman tan anvan retrè nan diskresyon direktè lekòl elèv la.

Lekòl la kapab enplike yon ofisye pou absanteyism oubyen yon ajans leta apwopriye.

Absans pou jou pasyèl pral konte pou .25 yon absans ki pa eskizab epi lap konte nan dosye presanz elèv la.

Kite Lekòl Bonè

Yo dwe kenbe a yon minimòm kite lekòl bonè. Aranjman pou tout fwa yon elèv ap kite lekòl bonè dwe fèt nan biwo prensipal la. Elèv yo dwe pote yon nòt paran yo jou anvan an oswa nan premye peryòd jou yo bezwen kite lekòl bonè a. Biwo a ka telephone paran ou reskonsab la, pa okazyon, pou verifye nòt paran an. Fanmi yo pa dwe planifye lòt aktivite (tankou travay pou elèv la) anvan 4:30 pm, lendi jiska jedi, oswa anvan 3:00 pm nan vandredi. **Elèv yo dwe resevwa yon papye pou kite lekòl la nan biwo prensipal la anvan l kite lakou lekòl la.** *Wè Orè Klas yo.*

Rive Anreta

Elèv ki pa rive nan klas a 8:00am, an reta e yap resevwa pinisyon. Elèv ki rive lekòl anreta pou yon rezon eskizab ak dokiman apwopriye (gade li piwo a) pap resevwa pinisyon. **Paran yo DWE rele refektwa a pou fè Administratè Biwo a konnen ke elèv la ap rive anreta men sa pa eskize pinisyon an.** Pou evite enteripsyon klas, tout elèv ki rive anreta yo ap rantr nan 1e peryòd klas la apre 8:15. Kenpòt elèv ki rive lekòl apre 8:15 am dwe genyen verifikasyon paran oswa reskonsab yo. Si yo pa resevwa okenn nòt verifikasyon yo make reta a tankou “ratman ki pa eskize” e elèv la ap genyen pou ale nan Biwo Dwayen an.

An Reta na Klas

Elèv yo resevwa yon demerit paske yo anreta nan klas. Yap voye nan biwo Dwayen an elèv ki genyen plis ke 5 minit reta nan yon klas.

Ratrapaj/Devwa Anreta

City on a Hill PA aksepte travay an reta, eksepte travay ke elèv ki nan 9èm ak 10èm yo fè nan klèb travay la. Elèv ki genyen absans ESKIZE yo dwe retounen devwa yo nan jou yo retounen lekòl la. Elèv ki pa genyen absan ESKIZE yo ap genyen chans pou remèt travay enpòtan yo ak ti tès yo. Administrasyon ak/oubyen pwofesè yo ka fè eksepsyon nan ka yon absans pwolonje.

Vizitè

Pou kenbe lekòl nou an an sekirite, vizitè yo dwe cheke nan Biwo Prensipal la epi resevwa yon badj ak non yo anvan yo antre nan espas City on a Hill la. Moun pa dwe vizite nan lè lekòl la.

PARE POU LEKÒL

Pou PARE POU LEKÒL, elèv City on a Hill yo dwe:

Dwe Genyen Tout Materyèl yo

CoaH bay tout elèv nan chak klas yon kanè devwa. Si yon elèv pèdi kanè devwa sa li dwe ranplase l; kanè devwa yo pou vann nan biwo prensipal la pou \$5.

Ou ka jwen lis Founiti Klasik Elèv la nan Anèks la.

Vin tout Pare pou Klas

Elèv yo dwe vini tou pare nan klas la. "Prepare pou klas" vle di ke elèv la pote materyèl sa yo avèk li:

- Klasè apwopriye
- Liv ki apwopriye pou klas la
- Kaye devwa
- Yon plim ak yon kreyon nimwo 2
- Devwa ki fini
- Nenpòt lòt materyèl espesifik ke pwofesè a mande (liv vokabilè pou anglè)

Devwa Ki Fin Fèt

CoaH genyen yon politik jeneral pou devwa nan tout lekòl la. Devwa yo dwe remèt nan lè yo ranmase yo. Devwa do dwe fin fèt epi alè. Pa egzanzp, si yon elèv bliye pote devwa nan klas la, men li nan kazye yo, yo pa konsidere devwa sa fini epi alè.

Elèv nan lekòl primè ki pa remèt devwa ki fini alè nan nenpòt ki klas prale nan **Gwoup Devwa** nan jou sa pou yo resevwa 50% kredi pou devwa a.

Mete Inifòm

Ki sa ki inifòm City on a Hill?

City on a Hill mande pou tout elèv yo mete inifòm sou lakou lekòl la ak pandan lè lekòl. Inifòm City on a Hill se yon "inifòm konplè" epi yo tcheke si inifòm nan apwopriye avan ou antre nan bilding lekòl la. Inifòm City on a Hill genyen sa kap swiv yo:

- Chemis inifòm City on a Hill, andedan
- Pantalon abiye nwa, kaki, oswa ble maren avek pasan
- Sentiron kwi nwa
- Soulye nwa abiye

City on a Hill bay chak elèv—gratis—yon chemiz City on a Hill. Fanmi yo ka achte plis chemiz inifòm, pou sa yo dwe ranpli epi retounen nan Biwo Prensipal la yon fòm kòmand.

Kilè elèv yo dwe an inifòm?

1. Lè yo rive lekòl (si yo tou pre batiman lekòl la, yo dwe mete inifòm nan okonplè)
2. kenpòt lè pandan jounen lekòl la (menm pandan manje midi)
3. kenpòt lè yo nan batiman lekòl la
4. kenpòt lè yo nan yon aktivite lekòl la pandan jounen lekòl la (amwens ke yo deklare otreman)

Elèv yo pa dwe **JANM** mete yon jakèt, chanday oswa yon vès ki pa fè pati inifòm nan sou inifòm CoaH la. Fanmi yo dwe achte yon chanday inifòm pou elèv yo mete lè li kòmanse fè frèt. Si yon elèv frèt anpil, yo ka bali yon chanday.

NOTE: Elèv yo dwe rive lekòl ak inifòm okonplè eksepte pou soulye lekòl. Elèv yo ka mete tenis oswa bòt men yo dwe genyen soulye lekòl yo nan posesyon yo pou yo ka chanje soulye anvan 8:00. Yo dwe rete ak soulye inifòm naan pandan tout jounen lekòl la epi yo ka chanje soulye yo SÈLMAN lè yap kite bilding nan. Elèv ki nan Sipò akademik oswa kap travay ak yon pwofesè apre lekòl dwe mete soulye inifòm nan. Yap ankouraje elèv ki pran dejene nan City on a Hill pou yo mete soulye inifòm yo anvan yo kite Fowòm/Town Hall la.

Yo PAP aksepte nan lekòl la elèv ki rive lekòl san inifòm oubyen ki abiye ak rad ki pa inifòm. Yo dwe chanje pou inifòm okonplè oswa yap retounen yo lakay pou al chèche inifòm yo epi retounen lekòl. Elèv sa yo ap pran pinisyon tou jou sa. Si yon elèv san inifòm oswa abiye ak lòt rad ki pa inifòm lekòl la apre jounen lekòl la kòmanse, yap voye nan Biwo Dwaven an.

Pou plis enfòmasyon sou inifòm nan, tanpri al gade nan Anèks la.

Abiman Pwofesyonèl

Pandan Jiri ak lòt prezantasyon, yap mande elèv yo pou mete "Abiman Pwofesyonèl." Rad pwofesyonèl se yon rad ki pi fòmèl, ki ale pi lwen pase egzijans estanda ke City on a Hill mete sou plas sou inifòm oswa rad pwofesyonèl dekontrakte (rad pwofesyonèl dekontrakte se kòd abiman City on a Hill pou pwofesè). Abiman pwofesyonèl fè pati preparasyon elèv nou yo pou inivèsite ak mond pwofesyonèl la. Elèv yo ka mete rad pwofesyonèl sèlman avèk pèmasyon.

Jèn gason yo dwe mete yon chemiz ak kòl, kipase e ki pa genyen okenn non mak oswa foto, ak yon kravat. Yon kostim si ou vle. Chemiz la dwe rantre nan pantalon an epi li dwe rete nan senti ou ak yon sentiwon. Soulye yo dwe pwofesyonèl. Jèn gason yo ka mete yon chanday kòm pati abiman pwofesyonèl la, men fòk yo gen yon kole, chemiz boutonnen desann ak kravat anba chanday yo.

Jèn fi yo dwe mete yon chemiz boutonnen desann oswa brode ki pa genyen okenn briye, foto, oswa non mak. Chemiz yo pa dwe koupe ba, epi vant yo pa dwe parèt. Yo dwe mete pantalon oswa yon jip ki rive sou jenou yo. Soulye yo dwe pwofesyonèl.

Pou plis enfòmasyon sou abiman pwofesyonèl la, tanpri gade Anèks la.

Règleman sou Chapo

Yo pa JAM aksepte chapo Baseball sou okenn rezon nan bilding nan. **Disiplin ak Reskonsabilite elèv**

Pwosedi disiplin City on a Hill's an konfòmite ak Lwa 2012 Chapit 222 ki gen rapò ak Aksè Elèv ak Sèvis Edikatif ak Eksklizyon nan Lekòl.

Règleman sou Selilè:

Elèv City on a Hill yo ka itilize selilè yo ak pèmisyon SÈLMAN.

Tanpri remake ke City on a Hill ak anplwaye li yo pa reskonsab pèt, oswa domaj selilè okenn elèv.

Merit ak Demerit

Merit se pwèn pou konpòtman pozitif ke yo bay pou konpòtman pozitif ki demontre atant lekòl la de elèv yo. Yo bay merit pou:

- Fyète nan Òganizasyon
- Lidèchip
- Pèfòmans Eksepsyonèl
- Sèvis
- Lòt

Demerit se pwèn pou move konpòtman ke yo bay pou konpòtman ki pa apwopriye. Yo bay demerit pou:

- Reta nan klas
- Pale/ Entewonp
- Langaj ki pa apwopriye
- Vin san prepare
- Rele
- Tèt bese/Dòmi
- Inifòm (chemiz pa rantrè nan pantalon, chemiz deboutonnen)
- Bwason/Manje/Chiklèt
- Lòt*
- Pa Swiv Direksyon

*Pa ekzamp, yo ka bay "Lòt" demerit la pou penyèn nan klas oswa sèvi ak move eskalye a.

Klèb Devwa

Yo asiyen elèv klas 9èm ak 10èm so nan Klèb Devwa si yo pa fini devwa yo a tan pou kenpòt klas. Yo ka retounen devwa yo an reta nan fen Klèb Devwa pou 50% kredi. Yo asiyen Klèb Devwa jiska mitan trimès la nan klas 10èm nan.

Ranvwa Otomatik nan Biwo Dwayen an

Konpòtman kap swiv yo ap genyen pou rezilta ranvwa elèv la nan Biwo Dwayen an. Dwayen an ap pran desizyon sou konsekans apwopriye apre li fin mennen yon ankèt apwofondi sou sitiwasyon an.

Ofans Nivo 1 se enteripsyon minè anviwonman edikatif la. Konsekans posib pou Ofans Nivo 1 se (men pa rete la) demerit, pinisyon, oubyen yo rele kay elèv la.

Ofans Nivo 2 se enteripsyon serye anviwonman edikatif la. Konsekans posib pou Ofans Nivo 2 se (men pa rete la) pinisyon, doub pinisyon, yon apèl lakay elèv la. Reyinyon Dwayen/Direktè, ranvwa elèv la lakay li, oswa sispansyon.

Ofans Nivo 3 se konpòtman kriminel, menasan, oswa danjere. Konsekans posib pou Ofans Nivo 3 se (men pa rete la) reyinyon Dwayen/Direktè, ranvwa elèv la lakay li, sispansyon, ak jijman disiplinè.

Tablo anba a fè lis ekzanp konpòtman pou chak Nivo Ofans (tanpri remake ke se pa yon lis konplè konpòtman). Biwo Dwayen an rezève l dwa pou asiye yon konpòtman ak yon Nivo Ofans epi asiye yon konsekans.

Ofans Nivo 1
3 ou plis demerit nan yon klas
Langaj imilyan (langaj ki ka parèt an vyolasyon dwa sivil kenpòt moun nan desann yo akòz de sèks, ras, oryantasyon seksyèl, relijyon, kilti, etnisite, orijin nasyonalite oswa enkapasite fizik oubyen mantal moun nan.)
Pa mete yon inifòm (Mete yon manto, chanday, vès ki pa inifòm CoaH oswa mete bòt oubyen tenis)
Kriye oswa rele nan klas ak nan koulwa a
5 minit reta ou plis pou yon klas san yon pas
Ofans Nivo 2
Aji yon fason ki pa apwopriye anvè yon granmoun
Jwèt cheval (ki konprann, men pa rete la, frape/bay kout pye/lite ak lòt elèv, jwèt batay, ak kouri)
Diskite sou yon demerit
Entèripsyon repete anviwonman edikatif la
Ensibòdinasyon (Refize enstriksyon espesifik, rezonab (tankou di non, deplase, oswa repete yon konpòtman ki pa apwopriye) sou yon granmoun se ensibòdinasyon. Kèk ekzanp ensibòdinasyon: refize remèt elektwonik, refize bay non ou, refize deplase chèz ou, refize travay nan klas, oswa refize chanje konpòtman ki pa apwopriye apre yo repete plizyè fwa.)
Ofans Nivo 3
Poseswyon yon zam. Zam konprann, men pa kanpe la: revolvè, bal, kouto, fo pwen, zouti, ak baton.
Itilizasyon ak posesyon dwòg , oubyen alkòl oswa ekipman dwòg oubyen alkòl
Vole/Vòl
Entimidasyon
Fimen oswa pwodwi ki gen rapò ak fimen, tankou men pa kanpe la, sigarèt elektwonik, zouti pou sigarèt oswa sigarèt elektwonik, etc.
Mete dife
Kraze brize, fè grafiti, oswa destriksyon pwopriyete
Arasman seksyèl oswa lòt fòm arasman
Brimad
Aktivite seksyèl nan lokal lekòl la
Fo alam / fè pè ak bonm
Move kondwit degoutan
Falsifikasyon/Fwod
Pirataj
Langaj oswa konpòtman menasan/Batay (Menase sekirite fizik oswa emosyonèl nenpòt elèv pa tolere, menm si elèv se “sèlman jwe li tap “jwe”)
<ul style="list-style-type: none"> • Sa konpran altèkasyon fizik ki rive nan oubyen andeyò lekòl la. • Sa konprann langaj oswa konpòtman menasan nan oubyen andeyò lekòl la (pa

ekzamp: poste menas sou Facebook, Instagram, ak twitter).

Pa genyen okenn eskiz, rezon, oswa sikonstans pou genyen yon zam sou ou lekòl. **Si ou santi ou menase oubyen presire pou pote zam**, tanpri pale ak paran/reskonsab, oubyen konseye, oswa pwofesè **anvan** ou angaje tèt ou ak yon zam.

Definisyon Konsekans

Klèb Devwa. Klèb devwa kòmanse at 3:30 epi fini a 4:30. Yo pa aksepte pale ni enteripsyon nan klèb devwa a epi elèv yo dwe ap fè travay akademik yo. Elèv ki rive anreta nan Klèb Devwa san okenn nòt pwofesè ap konsidere ke yo sote Klèb devwa a. Ou pa ka rate Klèb Devwa a pou okenn rezon. Yon elèv ki rate Klèb Devwa ap resevwa yon ranvwa nan Biwo Dwayen an.

Detansyon. Detansyon kòmanse a 3:30 epi fini a 4:30. Yo pa aksepte pale epi elèv yo dwe ap fè travay akademik. Elèv ki rive anreta san yon nòt pwofesè a ap konsidere ke yo sote detansyon. Ou pa kapab rate detansyon pou okenn rezon. Yon elèv ki sote detansyon ap resevwa yon ranvwa nan Biwo Dwayen an.

Detansyon Doub. Detansyon kòmanse a 3:30 epi fini a 5:30. Yo pa aksepte pale epi elèv yo dwe ap fè travay akademik. Yap konsidere tankou yo sote pinisyon an elèv ki rive anreta san yon nòt pwofesè a oubyen pa rapòte l nan dezyèm lè detansyon doub la. Ou pa kapab rate detansyon doub la pou okenn rezon. Yon elèv ki sote detansyon doub la ap resevwa yon ranvwa nan Biwo Dwayen an.

Pwosesis ofisyèl/Ankèt. Nan City on a Hill, nou pran pwoblèm disiplin trè oserye. Chak pwoblèm disiplin grav enplike yon ankèt ke yon administratè City on a Hill tankou Dwayen, Direktè adjwen, oswa Direktè lekòl ap dirije. Elèv la ak fanmi elèv la ap patisipe nan pwosesis analiz sitiyasyon an.

Sispansyon Andeyò Lekòl. Yo define yon sispansyon andeyò lekòl tankou yon ranvwa disiplinè pou omwen mwaye nan jounen lekòl la, nan orè aktivite regilye lekòl la. Yon sispansyon andeyò lekòl vle di ke elèv la pèdi tanporèman dwa pou ale lekòl oswa pou patisipe nan aktivite ke lekòl la patwone pandan peryòd sisispansyon an. Yon administratè ap deside dire sispansyon yon. Elèv la ap oblije genyen yon reyinyon pou re-antre nan lide pou li retounen nan lekòl la. Tout elèv City on a Hill yo ap fè eksperyans yon pwosesis nan bon fòm anvan yo administre yon sispansyon. Pwosesis nan bon fòm nan ap genyen ladan l patisipasyon Direktè lekòl la oswa yon reprezantan nome pou sa, elèv la, ak paran oswa reskonsab elèv la.

Aprè sispansyon an, elèv la dwe kite lakou City on a Hill.

Elèv la pap ka patisipe nan aktivite City on a Hill la pandan dire sispansyon an. Si elèv la vini sou lakou lekòl la pandan sispansyon an (jiska reyinyon re-antre a), yap konsidere ke li rantre ilegalman nan yon pwopriete prive epi yo ka rele Polis Boston pou fèl deplase.

Reyinyon Paran/Reskonsab (Reyinyon re-antre oswa Reyinyon ak Direktè Lekòl la). Yon reyinyon paran se yon reyinyon ant yon administratè City on a Hill, paran oswa reskonsab la, ak elèv la pou diskite de konpòtman endizirab elèv la, oswa règleman ke elèv la pat respekte a, mezi discipline a, epi plan daksyon pou aprann elèv la alavni konpòtman dezirab la ak mekanism sipò yo mete an plas pou ede elèv la reyisi. Elèv la ka retounen lekòl sèlman apre administratè a

detèmine ke elèv la pare pou retounen; si administratè a jije ke elèv la poko pare pou retounen, sipansyon an ap pwolonje. Reyinyon paran/reskonsab ekzijib kòm etap nan pwosesis disiplin nan nan City on a Hill. Yo ka pwograme reyinyon yo pou balanse ak orè paran/reskonsab yo anvan, apre, oswa pandan lekòl. Yo ka konsidere refi pou patisipe oswa absans repete nan reyinyon yo tankou neglijan epi yo ka fè apèl ak Depatman Sèvis pou Jèn (DYS).

Kontra Konpòtman ak Avi. Se yon kontra ke elèv la, yon administratè, ak yon paran/reskonsab te siyen ki dekri konpòtman espesifik, ofans anvan yon elèv ak konsekans a lavni anka ke konpòtman sa repete. Vyolasyon kontra konpòtman gen pou rezilta yon rekòmandasyon pou yon odyans disiplinè. Elèv ak Paran/reskonsab ka resevwa tou yon avi ki fè yo konnen ke konpòtman ke yo dekri a kontinye, biwo dwayen yan ap rekòmande yon Odyans Disiplinè. Avi yo pa bezwen siyen pou yo efektiv.

Odyans Disiplinè. Yon Odyans Disiplinè oswa yon Odyans Ekspilasyon ap rive lè yon elèv ap fè fas posibilite ekspilasyon oswa eksklizyon kòm konsekans rezilta yon Ofans Nivo 3. Direkte lekòl la oswa reprezantan direktè a ap fè fanmi an konnen pa ekri ke lekòl la ekzije yon Odyans Disiplinè. Fanmi an genyen dwa pou mennen yon moun asite Odyans la epi li ka fè aranjman pou nenpòt temwen oswa elèv pale nan non elèv la. Fanmi an genyen dwa pou mennen tou yon avoka ak/oubyen mande sèvis tradiksyon. Fanmi an dwe enfòmè Dwayen oswa Direktè lekòl la de entansyon l pou menmen yon avoka oswa yon temwen omwen yon jou anvan odyans la. Fanmi an dwe enfòmè Dwayen oswa Direktè lekòl la de bezwen yo ka genyen pou sèvis tradiksyon omwen twa jou anvan odyans la.

Nan Odyans Disiplinè a, elèv la, paran/reskonsab, Dwayen Sitwayente a, konseye elèv la, Reprezantan adisyonèl Kò Pwofesè a ak Direktè lekòl la rankontre pou diskite avni elèv la nan City on a Hill. Direktè lekòl la pran desizyon final la. Wòl Konseye, Dwayen ak Reprezantan Kò Pwofesè a se pou konsye Direktè a.

Eksklizyon ak Ekspilasyon

Si yo ekskli oswa ekspilasyon nan City on a Hill li pa dwe sou lakou oswa pwopriete lekòl la oubyen epas pataje yo san prezans yon paran/reskonsab oswa yon granmoun ke lekòl la apwouve. Jan de vizit sa yo dwe pwograme pa Dwayen Sitwayente a, Vis-Direktè yo, ak Biwo Direktè lekòl la. Yo konsidere nenpòt vizit ki pa apwouve tankou yon vyolasyon limit epi yo ka rele lapolis Boston pou fè l deplase. Si yon elèv ak fanmi l chwazi pou rete nan City on a Hill, CoaH ap founi sèvis edikatif pou elèv la jiskaske li retounen lekòl.

Pwosesis komsa dwe. Elèv nan City on a Hill gen dwa a yon pwosè kòmsa dwe. Si ou genyen yon plent grav sou kenpòt fòm, ou genyen dwa legal pou yon pwosè kòmsa dwa. Ou dwe diskite de plent ou a avèk Konseye ou an prive oubyen ak Dwayen Sitwayente a. Ou ka mande yon reyinyon avèk Vis-Direktè a, Direktè oswa Direktè ekzekitif la. Si tout lòt moun echwe, ou ka fè apèl ka ou a devan Komisyon Konsèy Administratif City on a Hill.

*City on a Hill, an règ jeneral, pa angaje lapolis nan pwosesis disiplinè li yo, men li rezève l dwa pou angaje fòs lòd kominote a nan sitiwayon menas.

Pwosesis Disiplinè

Sa se yon gid jeneral pou dwayen yo detèmine disiplin ofans endividyèl yo. **Pou ofans grav tankou ofans Nivo II oubyen III (gade definisyon yo piwo a), yon administratè CoaH ka aplike konsekans ki ale pi lwen ke pwosesis disiplinè a.**

- Bay demerit
- Reyinyon pwofesè ak elèv apre klas, ak rele paran/oswa/reskonsab
- Renvwa nan Biwo Dwayen an/oswa rele paran/reskonsab lakay yo
- Pinisyon epi rele paran/reskonsab lakay yo
- Doub pinisyon epi rele paran/reskonsab lakay yo
- Reyinyon paran/reskonsab ak Dwayen
- Reyinyon paran/reskonsab ak Dwayen ak doub pinisyon
- Reyinyon paran/reskonsab ak Direktè lekòl la
- Reyinyon paran/reskonsab ak Direktè lekòl la ak kontra
- Sispansyon ak reyinyon paran/reskonsab ak Dwayen/oswa Direktè lekòl la
- Pwosesis pou retounen
- Odyans Eksklizyon

Idantifikasyon: Di Non ou

Elèv yo DWE bay non toutlè fwa ke yon manm kò pwofesè a/oswa volontè City on a Hill mande. Yo konsidere refi pou idantifye tèt ou/oswa bay move enfòmasyon tankou yon menas pou sekirite lekòl la epi lap genyen pou rezilta yon aksyon disiplinè.

Manje Midi

City on a Hill bay manje gratis oubyen pri redwi pou tout elèv ki kalifye nan kafeterya nou an. Tout règ CoaH yo aplikab pandan repa midi a, li konprann tou règleman sou inifòm, langaj, vyolans ak ensibòdinasyon.

Kopye sa Moun Ekri

Kopye sa moun ekri se yon fòm poul li ye. Ke se volontèman/oswa pa aksidan, kopye sa moun ekri se yon ofans grav ke yo pini.

Kopye sa Moun Ekri se nenpòt nan bagay sa yo :

- kopye yon bout fraz/oswa yon pasaj ki pi long sou yon sous epi pase l tankou se pa ou;
- rezime/oswa kopye mo, ide, oswa opinyon yon lòt moun san ou pa bay moun sa kredi ;
- parafraze ide yon lòt moun san ou pa rekonèt ke travay la se pa pou ou li ye ;
- achte yon disètasyon fen trimès epi pase l pou ou ;
- bliye mete mo yon ekriyen ant gimè;
- bliye sitasyon yon sous pou ide yon lòt moun

Itilizasyon Apwopriye Teknoloji ak Entènèt

Elèv yo genyen aksè yon laboratwa òdinatè ak tout aksè entènèt ansanm ak aplikasyon edikatif. Yo atann aske tout elèv City on a Hill yo itilize teknoloji, epi entènèt espesyalman, SELMAN pou rezon edikatif.

<u>Itilizasyon Aksetab Teknoloji:</u>	<u>Itilizasyon Teknoloji ki pa Akseptab:</u>
<ul style="list-style-type: none"> • Rechèch pou devwa lekòl • Logisyèl pou tretman mo oswa done pou devwa lekòl • Aplikasyon edikatif 	<ul style="list-style-type: none"> • Revele enfòmasyon pèsonel sou tèt ou oswa lòt • Antre nan materyèl difamatwa, pònografik, asèlman oswa ilegal • Vyolasyon lwa sou dwa otè • Itilizasyon entènèt pou aktivite ilegal • Trike oswa chanje sistèm yon òdinatè • Emel ki pa genyen rapò ak lekòl • Mesaj enstantane/ chat sou entènèt • Entimidasyon sou entènèt (Gade “Prevansyon sou Entimidasyon ak Entèvansyon” pou deskripsyon.)

Itilizasyon Telefòn

Si yon elèv bezwen rele lakay li, yo ka mande pwofesè a pèmision pou itilize telefòn ki nan klas la pandan konsèy oswa apre lekòl. Elèv yo ka vini tou nan Biwo prensipal la pou itilize telefòn pandan klas avèk pèmision pwofesè yo, oswa nenpòt kilè anvan oubyen apre lekòl.

Ekzèsis an Ka Dife

Nan chak sal City on a Hill wap jwen afiche yon plan ki montre ki kote pou soti ak kijan pou fè sa.

1. Swiv pwofesè klas la jan plan sal klas la mande.
2. Rete ak klas la.
3. Nan ka yon ekzèsis an ka dife oswa dife, pa kanpe nan twalèt oswa kazye.
4. Ale dirèkteman deyò epi rete ansanm ak klas ou ak pwofesè a kote yo deziyen nan lakou a jiskaske yo bay plis enstriksyon.
5. Rete trankil, demanyè aske granmoun yo ka tande epi bay enstriksyon.

Nenpòt elèv ki pa swiv règleman ekzèsis nan ka dife sa mete sekirite lekòl la an danje epi yo ka sispann li.

Prevansyon Entimidasyon ak Entèvansyon

Lekòl Piblik Charter City on a Hill pap tolere konpòtman ilegal oswa deranjan, tankou nenpòt fòm entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, oswa vanjans nan batiman lekòl la, sou lakou lekòl la, nan aktivite ki gen rapò ak lekòl la, oswa ki rive andeyò lekòl la men ki kreye yon anviwonman ostil nan lekòl la pou elèv yo vize a. Nap ankete san pèdi tan tout rapò ak plent entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, ak vanjans, epi nap aji san pèdi tan pou retabli yon anviwonman edikatif sekirite pou elèv ke yap entimide yo epi pou prevni plis entimidasyon oswa asèlman pa elèv yo idantifye tankou moun ki otè entimidasyon an.

Plan Prevansyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik City on a Hill la se yon apwòch konpreyansif pou pwoblèm entimidasyon, entimidasyon sou entènèt ak vanjans ki ka konpwomèt anviwonman sekirite edikatif la pou nenpòt elèv. City on a Hill angaje l pou travay ak elèv, anplwaye, fanmi yo, ajans fòs lòd yo, epi kominote a pou adrese epi prevni entimidasyon ak asèlman nan lekòl nou an. Nan tèt ansanm ak konstitiyan yo, nou etabli Plan Prevansyon sou Entimidasyon ak Entèvansyon sa pou anpeche, entèni epi reponn ak tout zak entimidasyon, entimidasyon sou entènèt, ansanm ak vanjans.

AKADEMIK

Pwogram Akademik

EKZIJANS POU GRADYASYON:

Pou genyen yon diplòm City on a Hill, elèv yo bezwen:

- **Anglè:** kat (4) kredi Anglè
- **Istwa:** twa (3) kredi istwa, ki konprann Sivik, Istwa Eta Zini, ak Istwa Jeneral. Elèv yo ka pran tou AP Gouvènman ak Politik oubyen Konstitisyon.
- **Matematik:** kat (4) kredi matematik, ki konprann Aljèb II, Jeyometri, Pre-Calculus. Elèv tèminal yo ka etidye AP Calculus. Yo ka asiyen kèk elèv pou pran Pre-Aljèb pou ka genyen senk (5) kredi math.
- **Sèvis Piblik:** Tout elèv dwe patisipe nan pwojè pwograme Sèvis kominotè yo. Tout elèv tèminal yo dwe fini yon Pwojè City endepandan.
- **Syans:** twa (3) kredi syans laboratwa, ki konprann Syans Inifye, Biyoloji, ak Chimi. Elèv terminal yo ka etidye tou Fizik, AP Syans Anviwonman, Syans Aplike Kontanporen.
- **Lang Etranjè:** twa (3) kredi Panyòl kòm Dezyèm Lang.

Elèv tèminal yo dwe pase tout klas yo, sa konprann tèks ekri ak konpetans oral, pou yo ka gradye.

ELEMAN ANPLIS PWOGRAM AKADEMIK LA

- **Pre Aljèb.** Elèv nan Premye Ane lekòl segondè a ap pran yon tès konpetans. Yap rekòmande ak ensistans elèv ki pa demontre konpetans nan evalyasyon an pou yo pran Pre-Aljèb nan premye ane a epi yap mete yo sou yon plan 5 ane. Sekans matematik pou plan 5 ane a fèt konsa:
Pre-Aljèb, Aljèb, Jeyometri, Aljèb Avanse, Pre-Calculus. Genyen posibilite pou fè pwogram nan an 4 an si ou pran Aljèb Avanse a pandan vakans ete yo. Kalifikasyon pou pwogram sa se B kòm mwayèn final nan Pre-Aljèb ak Aljèb EPI pase tout klas yo (san lekòl pandan vakans ete) pandan twazyèm ane nan CoaH.
- **Klas Teknoloji.** Elèv yo pran yon klas teknoloji pandan yon semès nan premye ane yo. Tout elèv aprann jere dosye ak dokiman sou kont òdinatè yo ansam ak ki jan pou fè echanj enfòmasyon sou rezo a. Tout elèv yo aprann kòman yo sèvi ak lojisyèl pou tretman tèks, tablo, bazdone, ak aplikasyon grafik yo. Tout elèv aprann ki jan pou yo jwenn enfòmasyon sou entènèt la.
- **Teyat / Klas pou Aprann Pale an Piblik.** Elèv yo pran yon klas Teyat / Pale an Piblik pandan yon semès nan premye ane yo. Tout elèv yo aprann fondman nan teyat, pèfòmans dramatik, ak pale an piblik.
- **Soutni Lekti an Silans (SSR).** Tout elèv patisipe nan SSR 4 fwa pa semèn. Objektif SSR se pou ogmante andirans ak kapasite lekti elèv yo. Elèv yo ka chwazi sa yap li pandan SSR, nan limit rezonab.
- **Konseye.** Chak elèv City on a Hill se manm yon gwoup konsiltatif ki reyini Lendi - Jedi, de fwa pa jou, ak yon fwa Vandredi. Konseye yo genyen de peryòd etid pa semèn, yon jou aktivite, ak yon jou Reyinyon Kominal preparasyon / deba. Konseye trazyèm ak katyèm ane ap-genyen seminè olye de jou aktivite.
- **Reyinyon Kominal.** Elèv ki montre konpetans nan fòma moderasyon Reyinyon Kominal yo ki baze sou Règ Robert nan moderasyon Reyinyon Kominal. Reyinyon Kominal yo se yon pati ki obligatwa nan lekòl la epi yo bay elèv tèminal yo nòt sou patisipasyon yo nan deba kòm pati nan klas Pwojè City a.
- **Estaj.** Nan ane tèminal la, elèv yo konplete yon estaj kòm pati nan Pwojè City a.

- **Kolèj/Preparasyon Apre Segondè/ Seminè pou 11èm ak Elèv Tèminal.** City on a Hill prepare elèv yo pou chwazi epi reyisi nan plasman ki pwomèt anpil apre segondè. Elèv yo pratike kòman pou yo pran ekzamen estanda, vizite inivèsite, patisipe nan klas Preparatwa ki ekzijib pou Inivèsite, epi yo resevwa konsèy yonn a yonn nan planifikasyon yo. City on a Hill eseye planifye otan de vwayaj li kapab pou vizite kolèj/inivèsite ak fowòm inivèsite. Nou ankouraje anpil elèv ak fanmi yo pou vizite aktivman inivèsite ak kolèj bò kote pa yo.
- **MCAS.** Tout elèv yo dwe pase MCAS ak yon klasman “Bezwen Amelyorasyon” oswa pi bon pou diplome.
- **ACT.** Tout elèv 11èm ane ak tèminal pran ACT la. Elèv 11èm ane patisipe nan ACT Prep fòmèl kòm pati travo dirije ane 11èm nan.
- **Orè Klas Byen Ranpli.** Yo ekzije pou tout elèv yo kenbe yon orè klas byen ranpli. Elèv tèminal ki ranpli tout kondisyon gradiyasyon nan yon matyè an patikilye ap pran AP oswa lòt klas avanse pou kontinye prepare pou nivo etid inivèsite ak kolèj.
- **Plasman Avanse (AP).** Elèv ki nan klas AP dwe pran ekzamen plasman AP a pou yo ka resevwa kredi pou kou a.
- **Klas Sante.** Tout elèv premye ane yo dwe patisipe nan yon klas sante obligatwa ki dire inè de tan ki pwograme ant 1:30pm-2:30pm yon vandredi apremidi. Tanpri cheke kalandriye akademik la pou dat espesifik.
- **Disètasyon Enpòtan.** Tout elèv CoaH ap itilize fòmata Asosyasyon Lang Modèn (MLA) pou disètasyon enpòtan yo. Nan 9èm ak 10èm ane, elèv yo ap pèdi pwen nan devwa enpòtan yo pou erè fòma. Nan 11èm ak 12èm ane, yap retounen devwa bay elèv yo si yo pa fòmata li kòrèkteman. Elèv la pap resevwa okenn kredi pou devwa a.
- **Reekri.** Klas 9èm ak 10èm pèmèt elèv yo reekri devwa a men se sou diskresyon pwofesè a. Klas 11èm ak 12èm pa janm aksepte reekri.
- **Travay an Reta.** City on a Hill PA aksepte travay an reta, eksepte pou travay ke elèv 9èm ak 10èm ane yo fè nan klèb devwa yo asiyen yo. Elèv ki genyen absans ESKIZE yo dwe remèt tout devwa yo jou yo retounen lekòl la. Elèv ki PA genyen absans ESKIZE ap sèlman gen dwa fè devwa enpòtan yo ak tès yo e yap fè sa nan klèb devwa a jou yo retounen lekòl la.

Kredi ak Mwayèn

1. NAN KISA YO NOTE ELÈV YO

Yo note elèv yo pou yon klas an fonksyon de **kontni klas** la ak **konpetans**.

Travay Klas

- devwa
- travay nan klas
- disètasyon ak pwojè
- ekzamen ak tès
- konpozisyon

Konpetans

- oral
- kontni
- ekri

Elèv yo dwe fè omwen 70% nan travay klas la **ak** nan chak travay konperans pou yo genyen kredi pou klas la.

Konpetans

Kontepans yo se evaliyasyon ke yo bay nan fen chak kou nan City on a Hill pou mezire aprantisaj yon elèv. Chak kou genyen yonn ou plizyè konpetans, kika konprann, travay rechèch, pwojè, tès ekri, ak/oswa prezantasyon oral. Elèv yo dwe fè omwen 70% ou pi plis nan tout travay kontepans yo pou yo genyen kredi pou kou a.

Jiri

Nan fen ane a, chak elèv prezante yon echantiyon travay li devan yon jiri ki genyen yon pwofesè, yon elèv, ak manm jiri kominote a. Jiria se konpetans oral final nan sijè sa (Defwa yo rele jiri yo “Oral”). Se pa tout kou ki genyen yon jiri. Yo ekzije pou elèv yo mete abiman pwofesyonèl pou tout Jiri yo.

	Anglè	Matematik	Panyòl	Syans	Histwa
Nivo 1	Oral				Oral
Nivo 2	Oral		Oral		Oral
Nivo 3		Oral	Oral	Oral	
Nivo 4					Oral (CP)

2. KI JAN YO NOTE ELÈV YO

Se konsa yo bay nòt nan tout klas yo:

90 - 100	= A
80 - 89	= B
70 - 79	= C
0-69	= “Poko Kontepetan,” NYP

Nòt final yon elèv pou yon kou baze sou nòt final travay kou a (80% nòt final) ak kontepans final (20% nòt final). Nòt final kontepans la konprann omwen yon konpetans ekri, men li ka konprann tou yon konpetans oral (Jiri) ak/oswa yon pape final, sa depan de kou a. Enfòmasyon espesifik konpetans la pibliye nan chak silabis kou a ke yo bay chak elèv nan kòmansman chak kou.

3. ABSANS ak RETA:

Elèv ki rate plis ke 10 jou lekòl (akòz de absans ki pa eskize, sote klas, oswa reta) ka pèdi kredi akademik nan tout klas yo pou ane a.

4. KI JAN POU GENYEN KREDI

Elèv yo ka genyen kredi pou yon kou nan fason sa yo:

- Pase tout ekzijans pou yon kou nan City on a Hill avèk omwen 70%.
Oubyen
- Pran yon klas ete oswa yon trimès an antye ke administrasyon CoaH apwouve epi pase tout konpetans City on a Hill pou kou konparab la.

5. RÈGLEMEN POU GRADYASYON AK KALIFIKASYON

Pou kalifye pou gradyasyon elèv yo dwe konplete tout ekzijans kou City on a Hill yo epi genyen yon skò kalifye nan MCAS. Elèv yo pa kapab enskri nan de klas pou menm matyè an menm tan. Sèlman elèv tèminal ki ranpli tout ekzijans pou gradyasyon ka patisipe nan seremoni gradyasyon an. CoaH ekzije elèv tèminal yo pou pran yon orè klas a tan plen. **Elèv yo dwe pase travay klas ak konpetans yo pou TOUT klas yo pran pou yo kalifye pou gradyasyon.**

6. NIVO KLAS

Yo asiyen elèv yo nan nivo yon klas patikilye (9-12) an fonksyon de ane gradyasyon yo ak istwa akademik yo. Elèv yo pa kapab pase yon klas anvan ke yo konplete tout ekzijans pou nivo klas sa. Lè yo fin konplete tout ekzijans pou 11èm ane a, yo konsidere elèv la tankou yon “elèv tèminal sètifye”. Se sèlman “elèv tèminal sètifye yo” ke yap mete nan konsey elèv tèminal yo, ki endike kalifikasyon yo pou gradye an Jen oswa Out pou ane eskolè a.

Elèv yo dwe omwen enskri nan kou kap swiv yo pou yo konsidere tankou yon manm nan nivo klas sa:

Klas 10èm: Anglè 2, Matematik 2, avèk omwen Istwa 1, Panyòl 1, Syans Inifye. Elèv sa yo oblije pran MCAS nan prentan an, epi patisipe nan leson patikilye pandan tout ane a.

Klas 11èm: Anglè 3, Matematik 3, avèk omwen Istwa 2, Panyòl 2, Biyoloji. Elèv sa yo dwe patisipe nan leson patikilye tout ane a.

Klas 12èm: Anglè 4, Matematik 4, Pwojè City, avèk omwen Istwa 3, Panyòl 3, Chimi.

7. RÈGLEMEN POU LEKÒL AN ETE AK KALIFIKASYON

Paske City on a Hill genyen kapasite limite pou lekòl an ete, se sèlma elèv ki genyen 60% ou plis mwayèn nan travay klas la pou ane a ke yap bay yon plas nan pwogram lekòl ete a. Elèv yo ka pwograme pou pi plis **Kat** klas. Anatandan akò direktè lekòl la, elèv yo kapab fini ekzijans travay klas la nan yon lòt distrik, men avan yo monte yon elèv nan CoaH, li dwe pran epi pase konpetans City on a Hill pou klas sa.

8. REKIPERASYON KREDI NAN CITY ON A HILL

Pou kalifye pou rekipere kredi nan City on a Hill yon elèv dwe genyen yon B-oswa pi plis nan kou ki vini anvan an epi dwe genyen yon rekòmandasyon profesè li yo. Direkctè lekòl la ap pran desizyon final la sou kalifikasyon pou rekiperasyon kredi.

Pwomnad

Pou elijib pou patisipe nan yon pwomnad City on a Hill, elèv yo dwe nan bon pozisyon akademik ak konpòtman pandan ane lekòl la. Yon elèv ka pa kalifye pou yon pwomnad pou nenpòt nan rezon sa yo (jan administration CoaH te deside oswa pwofesè kap dirije pwomnad la):

1. Yo te sispan elèv la nan lekòl la.
2. Yo te voye elèv la nan Biwo Dwayen an plizyè fwa pandan ane lekòl la.
3. Elèv la rive pre oswa depase kantite absans san motif ke yo pèmèt pou yon ane lekòl.
4. Elèv la pap pase klas li yo avèk 70% ou pi plis nenpòt kilè jiska vwayaj la.
5. Elèv la genyen twòp reta.
6. Yo retire elèv la lekòl oswa lakay li pou rezon sante mantal.
7. Lòt sikonstans ke direktè lekòl la detèmine.

Si yon elèv pa kalifye pou yon pwomnad, yo DWE fè paran an konen (a lekri) omwen de semen anvan vwayaj la.

Konsiltasyon

Se yon manm kò pwofesè a ki dirije konsèy konsiltatif la ke yo asiye tankou konseye elèv yo. Genyen twa rezon konsèy konsiltatif la nan City on a Hill:

- 1) Defans:** Konseye yo konnen elèv yo byen. Konseye yo se defansè elèv yo nan lekòl la epi yo se lyen ant fanmi an ak lekòl la.
- 2) Konsèy Akademik ak Siveyans:** Konseye epi veye sou pwogrè akademik elèv la epi yo konseye yo sou kijan pou yo fè bon chwa akademik. Konseye elèv 11èm ak elèv tèminal yo gide elèv yo jiska nan seleksyon kolèj yo, ansanm ak pwosesis admisyon an.
- 3) Twa Pilye: Pèfòmans Akademik, Lidèchip, Sitwayènte:** Konseye yo prepare elèv yo pou demontre konpetans nan twa domèn sa yo.

Bibliyotek ak Resous Teknoloji

Paske nou itilize vil la tankou ekstansyon sal de klas nou, City on a Hill genyen sèlman yon ti bibliyotèk. Yo ankouraje elèv City on a Hill pou itilize system Bibliyotèk Piblik Boston an. Tout elèv City on a Hill genyen yon kat Bibliyotèk Piblik Boston epi yo mennen yo nan branch lokal la pou yo apran sèvi ak mwayen rechèch yo.

City on a Hill genyen omwen yon laboratwa enfòmatrik epi genyen omwen yon òdinatè nan chak sal de klas. Yo bay elèv yo espas pou anrejistre travay lekòl yo nan sèvè lekòl la epi yo genyen aksè a yon enprimant lazè. Elèv yo ka mande aksè sou Entènèt nan sistèm City on a Hill la.

Liv Lekòl

Elèv yo genyen pou reskonsabilite pou yo kenbe liv lekòl yo nan menm kondisyon yo te resevwa yo epi yo dwe retounen yo nan fen ane lekòl la. Yon elèv ki pa retounen liv lekòl yo te pran nan kòmansman kou a nan menm kondisyon yo te resevwa l la pap kalifye pou patisipe nan opsyon fakiltatif yo, oswa aktivite jiskaske li peye pou liv la oswa fè yon plan peman ak lekòl la.

An plis, City on a Hill ap kominike avèk ou nan domèn sa yo:

Rapò sou Pwogrès ak Kanè. Wap resevwa uit rapò ekri sou pwogrè pitit ou pandan ane lekòl la (kat rapò pwogrè ak kat kanè chak trimès). An plis, ap genyen konferans paran/konseye chak fen trimès pou paran/reskonsab vinn chèche mwayèn pitit yo epi diskite yo ak konseye a.

Pòtay Kominotè. Pòtay Kominotè a se yon potay wèb pou fanmi kote yon itilizatè otorize ap kapab wè estati elèv ki anrejistre nan City on a Hill. Pòtay Kominotè a bay paran yo aksè a dosye presanz chak ekè, dosye konpòtman, ansanm ak lis kou yo.

Prezans oubyen pwoblèm konpòtman. Chak fwa gen yon enkyetid grav, Dwayen Sitwayente a oswa Konseye pitit ou a ap rele lakay ou pou enfòmè de pwoblèm nan.

Evenman ak aktivite nan Lekòl la. Dat evenman lekòl yo endike nan “Dat Enpòtan Ane Lekòl 2014-2015 nan materyèl sa ak nan kalandriye 2014-2015 lekòl la ki poste sou sit entènèt, www.cityonahill.org. Paran/resonsab toujou byenvini pou rele Konseye elèv yo a oswa Biwo Prensipal la pou plis enfòmasyon.

Fòm Ekzijib

Fanmi yo dwe ranpli, siyen, epi retounen nan lekòl la fòm sa yo:

- Enskripsyon (ki genyen nimewo telefòn pou lajounen ak kontak nan ka ijans)
- Prèv Vaksinasyon/ekzamen fizik anyèl
- Fòm manje midi gratis ak a pri redwi
- Kontra Elèv ak Fanmi
- Prèv ou te pase 8èm
- Fòm pwomnad

Tanpri sonje rele Biwo Prensipal la lè ou demenaje oswa chanje nimewo telefòn.

Komite ak Patisipasyon

Komite Paran. Chak paran ki genyen yon elèv ki enskri nan City on a Hill se yon manm nan Komite Paran an. Reyinyon komite paran an fèt yon samdi pa mwa. Tanpri cheke dat reyinyon yo ke yo endike nan kalandrye lekòl la. Komite paran an chwazi ofisye chak otòn, ki genyen ladan l de reprezantan Komite Konsèy lekòl la. Komite paran an òganize leve fon, diskite pwoblèm kle lekòl la, akeyi konferansye, epi rete an kontak sere ak administrasyon City on a Hill. Se Sekretè Komite a ki kenge kont randi tout reyinyon yo. Kont randi sa yo disponib pou revizyon piblik la.

Fèy Pèmisyon

Pwomnad. Nou mande paran yo siyen yon fòm jeneral pou pwomnad pou pèmèt pwofesè yo mennen elèv yo sòti pa twò lontan nan nenpòt sit kominotè ki aksesib a pye oswa transpòtasyon piblik. Yo siyen fòm sa lè elèv la enskri nan City on a Hill epi li rete nan dosye a osi lontan ke yo se elèv City on a Hill.

Medya/Piblisite. Nou mande pou paran yo siyen yon fèy pèmisyon jeneral pou yo ka mete elèv la nan piblikasyon sou lekòl nou an. Fèy pèmisyon sa siyen lè elèv la enskri nan lekòl la epi li aplikab pou tout tan yo fè nan City on a Hill.

Règleman Medikal

Pou enskri nan City on a Hill, chak elèv dwe genyen dosye medikal yo a jou, sa konprann tou kanè vaksinasyon. Yap ekskli elèv yo lekòl jiskaske yo bay dosye sa. *Remake: yo ka eskize yon elèv pou founi enfòmasyon sa nan ka limite pou rezon medikal, rezidans, oswa relijye. Si se ka a, paran an dwe diskite pwoblèm nan ak Direktè lekòl la.*

Si yon elèv bezwen medikaman pandan lè lekòl la, enfimyè/konsiltan an sante lekòl la ap sipèvize sou direktiv sa yo ke lwa eta a ekzije:

- **Medikaman preskri yo** dwe vini nan resipyan orijinal famasi a. Paran/reskonsab dwe siyen fòm administrasyon apwopriye yo.
- **Medikaman ki pa preskri** dwe vini tou nan resipyan orijinal la epi li dwe akonpaye ak yon enstriksyon ekri doktè a ansanm ak fòm konsantman paran/reskonsab.
- Elèv ki bezwen medikaman ap sou yon pwotokòl pou yo pran medikaman pou kont yo, men konsiltan sante a ap revize chak semenn. Konsiltan sante a ap bay premye swen yo. Pwofesè ak administratè yo pa kapab bay okenn medikaman, menm medikaman san preskripsyon, eksepte nan ka sitiyasyon ijan kote yo konnen ke elèv la genyen yon alèji oswa lòt kondisyon, epi yo genyen yon lòd espesifik yon moun ki gen lisans ki ka preskri ak yon konsantman ekri

paran/reskonsab. **Yo pap bay okenn medikaman san lòd yon doktè ak konsantman paran/reskonsab yo.**

City on a Hill ofri elèv yo kèk sèvis sou kampis la. Elèv City on a Hill yo fè tout tès medikal ke leta mande (tankou zye, dan, posti, ak odisyon). Sikològ nou an disponib pou rankontre ak elèv ak fanmi yo epi refere yo nan sèvis konsèy regilye. Lè sèvis sou kampis la paka trete bezwen medikal yon timoun, nou refere elèv la nan òganizasyon kominote a ki an patenary ak lekòl la.

Dapre lwa eta a, tout elèv dwe genyen dosye medikal ak vaksinasyon a jou nan dosye yo pou vini City on a Hill.